



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA POU PWOTEJE SALON BABYE YO, SALON BOTE AK SALON YO KONT SÈVIS VÒL YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa (S.6343-A/A.10574) pou pwoteje salon babye, salon bote ak founisè sèvis nan salon yo kont moun ki te vòlè sèvis yo. Dokiman lwa a pral fèmen yon echapatwa ki gen nan lwa a pou enkli lè yon moun pa peye pou sèvis ke yo te resevwa nan yon salon babye, salon, oswa salon bote. Nouvèl lwa a pral fè li vin yon deli minè klas A.

“Salon bote yo ak salon babye yo pa diferan pase lòt ti biznis yo ki gen mwayen egzistans yo ki depann sou sipò kominote yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè lwa sa a fèmen yon echapatwa ki pa esansyèl ki ap bay biznis sa yo pwoteksyon egal ego anba lwa a yon fwa pou tout.”

“Ak nouvèl lwa sa a, nou ap franchi yon etap annavan majè pou ka anpeche vòl yo epi pwoteje salon bote yo ak salon babye yo atravè New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Ti biznis sa yo se baz fondamantal kominote yo soti depi nan Buffalo pou rive nan Brooklyn, epi lè yo fè pèt nan konpansasyon yo pou sèvis yo ap bay yo, li souvan pote difikilte finansye konsiderab. Nan ranfòse lwa a pou ka pèmèt pouwit lajistis vòl sèvis yo, nou ap pote lapè nan tèt pou pwopriyetè ti biznis yo ki ap travay san fatige lajounen kou lanwit.”

Sou lwa aktyèl lan, yon moun ki an tout konesans li pa rive peye pou yon sèvis li pa sijè a pouwit lajistis kriminel, sa ki ap kite pwopriyetè ti biznis yo an danje pou sibi gwo pèt finansye. Dokiman lwa sa a pral amande lwa a pou ka pwoteje machann sa yo ki ap bay pwodwi ki pa materyèl yo nan fè li vin yon deli kriminel pou jwenn sèvis nan yon salon babye, salon bote oswa salon san ke ou pa peye pou sèvis sa a.

Senatè Marisol Alcantara te deklare, “Ti biznis tankou salon bote yo ak salon babye yo depann sou patwonaj manm kominote yo, epi lè moun yo tire avantaj de biznis lokal yo sa mete yo an pi gwo danje finansye. Nan ajoute pwoteksyon sa a pou pwopriyetè ti biznis yo, dokiman lwa sa a pral asire ke biznis sa yo ki enpòtan anpil pou ekonomi lokal yo ka kontinye pwospere epi reyisi. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò kontinyèl li pou ti biznis yo”.

Manm Asanble a Alicia Hyndman te deklare, “Moun ki te fòme nan pwofesyon ki gen lisans pou babye ak kosmetolji yo ofri sèvis bay popilasyon an pou ki yo ta dwe jwenn

konpansasyon. Lwa sa a ap pwoteje sèvis sa yo kounye a nan yon fason ke yo pa te janm pwoteje anvan sa. Mèsi a Gouvènè Cuomo ansanm ak kòlèg mwen an Senatè Alcantara, poutèt yo asire pwoteksyon ak reprezantasyon nan tribinal pou machann sa yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)